



Deklarasyon Solidarite ak Zanmi, Kolèg Ayisyen, Zanmi Lasante, Partners In Health, ak Tout Kolaboratè nou an Ayiti.

Mezanmi kominote a,

Nan maten byen bonè madi 26 septanm 2023, gang ame te antre nan lopital Inivèsite Mibalè e yo te louvri kout zam andedan plizyè depatman, menm sèvis neyonatoloji, teworize ak twomatize pwofesyonèl lasante yo ak pasyan nan enstitisyon an. Vil Mibalè te sibi plis atak ankò, tout sa yo fè suit ak plizyè mwa, ane ensekirite k ap grandi anba dominasyon gang atravè plizyè rejyon an Ayiti.

Atak sa a pa t lakòz dirèkteman okenn lanmò oswa okenn blese fizik dapre dènye rapò Zanmi Lasante a, men chòk anplwaye yo ak pasyan yo te viv nan jou sa a peze anpil sou nou. Pifò anplwaye yo ak pasyan yo—kèk malad grav—te oblije kite lopital la. Nou pa ka inyore konsekans imedya ak alontèm atak sa a, sitou lè nou konsidere dimansyon l ak vyolasyon netralite lopital yo nan sitiyaasyon ensekirite oswa lagè.

Mibalè s se yon enstitisyon esansyèl nan reyimajinasyon radikal nou an nan sante an Ayiti. Se yon limyè lespwa ki reprezante sa ki posib lè gen òganizasyon kolektif ak angajman pou Ayisyen konstwi yon peyi pou Ayisyen.

Nou kanpe an solidarite ak Zanmi Lasante ak Partners in Health, patnè solid e fidèl EqualHealth pandan plizyè ane; pasyan lopital; manm Social Medicine Alumni Haiti (SMAH); Chapit Ayiti nan Kanpay Kont Rasis (CAR); ak tout manm kominote a ki te sibi atak sa a. Atak sa a se yon lòt zak vyolans ankò ki pwouve sitiyaasyon an Ayiti a se on gwo malè pandye—pa sèlman pou Ayisyen ki anndan peyi a, men pou Ayisyen atravè dyaspora a ki fè fas ak vyolans ak depasman fòse.

Kominote EqualHealth denonse zak vyolans sa yo, ansanm ak zak malfezan enstitisyon entènasyonal yo ki te kontribye nan apovri, majinalize ak febli pèp ayisyen an. Nou kondane tout vyolans ak vyolasyon dwa moun yo fè sou pèp ayisyen an sou tè ayisyen an, sou fwontyè, ak nan peyi etranje, kote anpil vyolasyon sa yo pa toujou vizib.

Ayiti rete yon modèl anblematik nan batay kont rasis ak reyalizasyon dwa moun. Ayisyen se te premye pèp Nwa ki te libere tèt yo anba esklavaj nan emisfè Lwès la—yon moman ki te chanje

radikalman trajektwa listwa pou pèp Nwa nan tout mond lan, Ayiti te deklanche revòlt anti-esklavaj epi sipòte plizyè lòt nasyon ak pèp Ameriken an, pou aboli esklavaj.

Silans se yon zak konplisite. Nou mande tout kominote ak enstitisyon lokal ak entènasyonal yo pou yo mobilize an solidarite ak Ayiti. Nou ankouraje w pou kontribiye [nan fon mityèl Ayiti](#), pataje [deklarasyon ak revandikasyon CAR yo](#), bay [Zanmi Lasante](#) yon don, epi mande moun ki nan rezo w yo fè menm jan an.

Revandikasyon nou yo nan Kanpay EqualHealth Kont Rasis yo rete menm jan an:

1. Reparasyon pou kominote Ayisyen ak BIPOC (Nwa, Endijèn ak Moun Koulè) te sipoze fèt depi lontan. Nou dwe etabli yon fon mondyal pou adrese konkrètman kondisyon materyèl ak sosyoekonomik ki asosye ak eritaj dirab kolonyalis ak enperyalis la, ansanm ak soufrans dirèk ak chòk jenerasyonèl ki gen sou moun yo.
2. Fè gouvènman yo responsab pou estanda entènasyonal dwa moun. Gouvènman yo dwe responsab pou fè respekte estanda entènasyonal dwa moun ki gen rapò ak sèks, ras, ak migrasyon. Pwoteksyon dwa sa yo esansyèl nan pwomouvwa egalite ak jistis epi li pa ka fèt an izolasyon. Responsablite gouvènman yo nesesè pou asire ke moun yo pa refize dwa yo akòz ras yo oswa sityasyon migrasyon yo.

Nou salye kouraj pèp ayisyen an, kanmarad nou yo ak patnè nou yo ki kontinye ap lite chak jou nan lanmou pou ekite ak jistis. Nou tande vwa pèp ayisyen an, patnè nou yo nan detrès, epi nou rete kanpe avèk yo nan moman vyolans san parèy sa yo. N ap kontinye òganize ak patnè yo ak kominote ayisyen an pou ede nan batay kont enjistis sosyal, inegalite ak rasin global ak miltidimansyonèl yo.

Pèsonn pa lib jiskaske Ayiti lib.